

**Fòmilè Chanjman Adrès/Enfòmasyon Kontak
Tribinal Imigrasyon**

Biwo Egzekitif pou Revizyon Imigrasyon

Enstriksyon : Pou ou konplete fòmilè sa, ranpli tout espas vid ki anba, ki gen ladann prèv sèvis la, ki sètifye ke w ap bay Depatman Sekirite Entèn (DHS) yon kopi fòmilè sa a. Lè ou fin ranpli espas vid yo epi ou fin siyen e deklarasyon an e prèv sèvis la, ou dwe voye fòmilè a pa mwayen elektwonik, an pèsòn oswa pa lapòs. Si w ap voye li pa mwayen elektwonik, depoze li sou Pòtay Deklaran sou <https://respondentaccess.eoir.justice.gov>. Avoka ak reprezantan ki gen akreditasyon konplè ki ap voye fòmilè sa dwe soumèt li sou Pòtay Dosye a sou <https://portal.eoir.justice.gov>. Si w ap voye li pa lapòs, swiv enstriksyon ki nan Paj 2. Ou dwe voye yon kopi separe fòmilè sa a pou chak moun ki gen yon dosye ann atant devan tribinal imigrasyon an e ki afekte pa chanjman enfòmasyon an.

Ou dwe ranpli fòmilè sa a ak tribinal imigrasyon an nan espas senk jou travay apre enfòmasyon kontak ou chanje oswa ou resevwa yon dokiman chaj (pa egzanp, Avi pou Konparèt) ak enfòmasyon kontak enkorèk. Tribinal imigrasyon an ap voye tout korespondans ofisyèl (pa egzanp, avi, desizyon) nan adrès ou bay la. Tribinal imigrasyon an ap fè chanjman nan enfòmasyon kontak ou nan dosye EOIR la sèlman lè li resevwa fòmilè sa a ; tribinal imigrasyon an p ap chanje enfòmasyon kontak ou baze sou diferan enfòmasyon ki nan pledwaye, mosyon, oswa lòt komunikasyon ak tribinal la.

Si w pa parèt pou yon odyans devan yon jij imigrasyon lè avi pou odyans sa a oswa lòt korespondans ofisyèl te ale jwenn ou nan adrès ou te bay la, DHS ka kenbe w nan prizon. Anplis de sa, tribinal imigrasyon an gendwa fè odyans ou an nan absans ou epi bay yon lòd pou retire, pou depòte, oswa pou ekskli kont ou menm. Si tribinal la bay yon lòd konsa, ou ka pa gen dwa a sèten fòmilè soulajman nan depòtasyon dapre Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite, nan manyè swivan an :

- Si w gen yon pwosè *ranvwa*: Ou pwal sijè a yon lòd ranvwa pou yon peryòd dizan apre dat antre nan lòd final la. Ou ka vin pa elijib tou pou depa volontè, sispansyon ranvwa a, ak ajisteman nan estati oswa chanjman estati.
- Si w gen yon pwosè *depòtasyon*: Ou pwal sijè a yon lòd depòtasyon pou yon peryòd senk an apre dat antre nan lòd final la. Ou ka vin pa elijib tou pou depa volontè, sispansyon depòtasyon oswa depa volontè, ak ajisteman nan estati oswa chanjman nan estati.
- Si w ge yon pwosè *eksklizyon*: Yo ka konsidere demann ou te fè pou admisyon Ozetazini anile.

Non – Siyati, Prenon, Dezyèm Prenon, Sifiks (si aplikab) : Name – Last, First, Middle, Suffix (if applicable):	Nimewo A : A-Number:
---	-------------------------

ANSYEN adrès mwen ak nimewo telefòn mwen se te : My FORMER address and phone number were:	Adrès ak nimewo telefòn AKTYÈL mwen se : My CURRENT address and phone number are:
Nimewo ; Ri ; Apatman (si aplikab) Number; Street; Apartment (if any)	Nimewo ; Ri ; Apatman (si aplikab) Number; Street; Apartment (if any)
Vil, Èta, ak Kòd Postal ; Peyi (si se pa Etazini) City, State, and ZIP code; Country (if other than U.S.)	Vil, Èta, ak Kòd Postal ; Peyi (si se pa Etazini) City, State, and ZIP code; Country (if other than U.S.)
Nimewo telefòn (mete endikatif peyi a si se pa Etazini) Phone Number (include country code if other than U.S.)	Nimewo telefòn (mete endikatif peyi a si se pa Etazini) Phone Number (include country code if other than U.S.)
Adrès Imèl Email Address	Adrès Imèl Email Address

Mwen deklare anba pèn pou fo temwayaj, dapre 28 U.S.C. § 1746, ke mwen se moun ki rele pi wo a ki asosye ak Nimewo « A » ki ekri pi wo a epi ke enfòmasyon ki nan fòmilè sa a se verite e kòrèk dapre sa mwen konnen.

SIYEN LA 	x	Siyati	Dat
--	---	--------	-----

PRÈV SÈVIS

Mwen, _____, te bay yon kopi fòmilè chanjman adrès sa a nan dat, _____ bay
(Non) (dat)

Biwo Konseye Jiridik Prensipal DHS pou Imigrasyon ak Ranfòsman Ladwàn (ICE) nan adrès :

(Endike si yon sèvis elektwonik/imèl, oswa yon sèvis an pèsòn oswa lapòs (bay nimewo ak lari, vil, Èta, ak kòd postal la))

Lè mwen siyen, mwen dakò pou bay yon kopi Fòmilè Chanjman Adrès sa a bay Biwo Konseye Jiridik Prensipal DHS pou Imigrasyon ak Ranfòsman Ladwàn (ICE) nan kote mwen te chwazi pi wo a. Mwen konprann ke mwen ka bay DHS yon kopi swa elektwonikman atravè pòtay sèvis elektwonik DHS la (ki anrejistre sou <https://eservice.registration.ice.gov>), swa pa lapòs oswa livrezon pèsònèl.

Okenn sèvis pa nesèsè. Mwen se yon itilizatè ECAS ki anrejistre ki te soumèt atravè Pòtay Ka ECAS là.

SIYEN LA 	x	Siyati
--	---	--------

ENSTRIKSYON SÈVIS

1. Bay yon kopi fòmilè sa ki ranpli a ba Biwo Konseye Jiridik Prensipal DHC ICE la (OPLA) lè ou sèvi avèk metòd ou espesifye nan PRÈV SÈVIS ki pi wo a. Kopi ki bay elektwonikman ka fèt atravè Pòtay Sèvis elektwonik DHS ICE la, ki sitiye sou <https://eserviceregistration.ice.gov>. Adrès lokal DHS ICE OPLA kote yo ka voye kopi oswa voye yo an pèsòn disponib anliy sou <https://www.ice.gov/contact/legal>. Si w pa respekte egzijans sa yo, EOIR ka pa aksepte dokiman an.
2. Pou voye fòmilè nan bay tribinal imigrasyon, pliye paj la nan liy pwenye ki make « Pliye La » pou adrès la ka vizib. (**Enpòtan:** Asire w ke seksyon adrès la vizib apre w fin pliye paj la.)
3. Agrafe, oswa sekirize yon lòt fason, fòmilè ki plwaye a sou pwent ouvè ki make « Sekirize La. »
4. Mete tenb lapòs ki apwopriye a nan zòn ki make « Mete Tenb Lan La. »
5. Ekri adrès ou nan zòn ki make « METE ADRÈS OU LA. »
6. Voye fòmilè orijinal la bay tribinal imigrasyon an.

Pliye La

METE ADRÈS OU LA

Mete
Tenb lan
La

U.S. Department of Justice
Executive Office for Immigration Review
Immigration Court

Pliye La

Avi Lwa sou Konfidansyalite

Enfòmasyon ki sou fòmilè sa a obligatwa selon 8 U.S.C. § 1229(a)(1)(F)(ii) ak 8 C.F.R. § 1003.15(d)(2) pou kapab notifiye tribinal imigrasyon EOIR la sou nenpòt chanjman adrès oswa nimewo telefòn. Enfòmasyon ou bay yo obligatwa. Si w pa bay enfòmasyon yo mande a, sa limite avi w ap resevwa a epi sa ka lakòz konsekans negatif ki endike anwo a. EOIR ka pataje enfòmasyon sa yo ak lòt moun an akò ak itilizasyon woutin apwouve ki dekri nan sistèm anrejistremant avi EOIR la EOIR-001, Sistèm Anrejistremant ak Jesyon Enfòmasyon, epi ak EOIR-003, Dosye Plent Disiplinè Praktisyonè.

Avi Relatif a Lwa sou Rediksyon Fòmalitye Administratif

Yon ajans pa ka mennen oswa patwone yon koleksyon enfòmasyon, epi yon moun pa oblije reponn, sof si ajans lan montre yon nimewo kontwòl OMB ki aktyèlman valid. Mwayèn tan ki estime pou ranpli fòm sa a se senk (5) minit. Si ou gen kòmantè konsènan presizyon estimasyon sa a, oswa sijesyon pou rann fòm sa a pi senp, ou ka ekri Biwo Egzekitif Egzamen Imigrasyon an, Biwo Konsèy Jeneral la, 5107 Leesburg Pike, Suite 2600, Falls Church, VA 22041, oswa EOIR.PRA.Comments@usdoj.gov.

Ou ka ranpli fòmilè sa a anliy tou lè ou eskane kòd QR ki sou bò dwat la ak telefòn entèlijans w lan (iPhone oswa Android) oswa lè w vizite <https://respondentaccess.eoir.justice.gov>.

